




Re-ouvèti New York



Direktiv pou Antrènman Espòtif Pwofesyonèl pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Direktiv sa yo aplike pou ekip espò pwofesyonèl yo ak enstalasyon fòmasyon yo ak lokal yo nan tout eta a. Gade "Direktiv pwovizwa COVID-19 Eta a pou Etablisman Antrènman Espòtif Pwofesyonèl yo" (Interim COVID-19 Guidance for Professional Sports Training Facilities) pou tout detay.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout etablisman antrènman espòtif pwofesyonèl yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak antrènman espòtif pwofesyonèl yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
Distans Fizik	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Pou nenpòt antrènman, tretman, oswa travay ki ap fèt andedan, limite okipasyon total la ak 50% kapasite maksimòm okipasyon an pou yon espas an patikilye. ✓ Asire 6 pye distans ant moun yo tout tan, sof si sekirite oswa egzeksyon aktivite prensipal la egzije yon distans ki pi kout (pa egzanp tretman medikal pou jwè yo), epi asire ke jwè yo ki angaje nan aktivite fizik yo kapab kenbe distans sosyal tout tan. ✓ Nenpòt lè you moun nan mwens pase 6 pye distans youn ak lòt epi san yon baryè fizik (pa egzanp pleksiglas), yo dwe pote kouvèti pou figi ki akseptab. ✓ Si yo retire kouvèti pou figi yo lè yon jwè angaje nan aktivite fizik, yo dwe pran mezi ki apwopriye pou asire ke jwè yo kapab kenbe distans sosyal tout tan. ✓ Lè plizyè jwè ap itilize ekipman nan menm chanm lan (pa egzanp ekipman pou egzèsis yo, tab tretman yo), etablisman yo ap itilize a dwe ak 12 pye youn ak lòt. Lè distans lan pa posib ant pòs travay/etablisman yo, yo dwe itilize kouvèti pou figi oswa baryè fizik yo. ✓ Lè anplwaye yo, jwè yo, ak pèsònèl ekip yo ap itilize veyikil transpò yo ozalantou etablisman yo (pa egzanp vwati gòlf yo), chak veyikil dwe limite ak yon sèl chofè, sof si tout okipasyon yo pote kouvèti pou figi ki apwopriye. ✓ Pèsònèl esansyèl pou mentnans yo (pa egzanp, gadyen teren yo) gendwa itilize veyikil pataje yo, depi ke chofè yo pote mask ak gan tout tan. ✓ Fèmèn espas komen ki pa esansyèl yo (pa egzanp, sona sèk yo, beny vapè yo, beny fwèt yo, chanm oksijèn oswa kriyoterapi yo). ✓ Limite rasanbleman an pèsòn yo (pa egzanp reyinyon ekip yo, ti reyinyon apre antrènman yo) toutotan sa posib. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Limite kantite jwè nan chanm pratik yo ak youn ak/oswa limite kantite jwè yo ki kapab itilize yon teren (pa egzanp youn jwè pa panye pou ekip baskètbòl yo) ✓ Fèmèn espas chèz andedan/deyò ki komen yo. ✓ Entèdi itilizasyon ti espas yo (pa egzanp asansè yo, chanm pèsònèl yo, vestyè yo), ak pa plis pase yon moun alafwa, sof si tout moun ki nan espas sa yo an menm tan pote kouvèti pou figi ki aseptab yo. ✓ Etabli pratik pou distans sosyal apwopriye nan ti espas yo tankou twalèt yo ak vestyè yo, ak sistèm siyalizasyon yo (pa egzanp siyale lè yo okipe) pou limite okipasyon an lè distans sosyal la pa ka respekte nan espas sa yo. ✓ Afiche makè pou distans sosyal yo nan itilize tep ki endike distans 6 pye nan espas yo itilize anpil yo ak lòt espas kote sa aplikab yo (pa egzanp antre asansè yo, eskalye woulan yo, lòbi yo, pòs depistaj sante yo, elatriye), epi redwi sikilasyon apye nan toude direksyon yo nan afiche pano avèk flèch yo nan lale, koulwa, oswa espas ki etwat yo. ✓ Repati orè yo pou jwè ak anplwaye yo respekte distans sosyal (pa egzanp tach/pratik ki pwograme nan orè yo). ✓ Asiyen pèsònèl mentnans yo pa pè/ti gwoup pou limite kantite kontak sere yo. ✓ Bay jwè yo avèk bwason ki nan boutèy separe ak atik manje ki gen yon sèl itilizasyon nan espas ki fèt pou sa ke yo pa touche anpil oswa yo pa touche ditou yo (pa egzanp youn chanm ke yo dezinye, yon espas ki fèt sou yon tab). Sèlman yon jwè ta dwe prezan nan espas la nan yon moman kèlkonk.


STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York



Direktiv pou Antrènman Espòtif Pwofesyonèl pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Direktiv sa yo aplike pou ekip espò pwofesyonèl yo ak enstalasyon fòmasyon yo ak lokal yo nan tout eta a. Gade "Direktiv pwovizwa COVID-19 Eta a pou Etablisman Antrènman Espòtif Pwofesyonèl yo" (Interim COVID-19 Guidance for Professional Sports Training Facilities) pou tout detay.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout etablisman antrènman espòtif pwofesyonèl yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak antrènman espòtif pwofesyonèl yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
Aktivite nan Espas Travay la	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Yo otorize sèlman egzèsis endividyèl nan etablisman ekip yo; yo entèdi pratik gwoup yo (pa egzanp, match similasyon yo, match enpwozive yo). ✓ Tout antrenè yo dwe kenbe distans sosyal apwopriye tout tan. ✓ Swiv "Direktiv Pwovizwa sou COVID-19 pou Travay ki Baze nan Biwo" (Interim COVID-19 Guidance for Office-Based Work) Eta a pou nenpòt aktivite travay ki ap fèt nan biwo yo. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Asiyen yon antrenè/fòmateur pa jwè pou redwi kantite diferan kontak ant jwè ak manm pèsònèl yo. ✓ Priyorize tach yo ki pèmèt distans sosyal (pa egzanp egzèsis kondisyonman fizik yo, HORSE) sou sila yo ki pa pèmèt sa (pa egzanp youn kont youn, 5-3-1). ✓ Reyalize reyinyon edikatif adistans pou jwè yo avan yo retounen nan etablisman yo dekwa pou ou klarifye nouvo règleman ak pratik yo. ✓ Limite entèaksyon nan espas la (pa egzanp yon sòti pou moun yo ki ap kite antrènman ak yon antre separe pou moun yo ki ap kòmanse) ak mouvman yo (pa egzanp jwè yo ta dwe itilize pi piti kantite etablisman ki nesèsè). ✓ Kenbe etablisman yo ak nòm minimòm ke ekip yo bezwen pou egzekite pratik yo (pa egzanp okenn rato pou twou sab sou yon teren gòlf, mwens netwayaj sou yon teren tenis an tè bati).
Ekipman Pwoteksyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Bay anplwaye, jwè yo, ak pèsònèl ekip yo yon kouvèti pou figi ki akseptab san peye pou anplwaye yo, jwè yo, ak pèsònèl ekip yo, epi prepare yon apwovizyonman kouvèti sifizan nan ka ranplasman. ✓ Pami bagay ki akseptab yo pou kouvri figi genyen, pami lòt, twal (pa egzanp bandana ki koupe ak koud lakay) ak mask chirijikal, sof si nati travay la egzije (ekipman pwoteksyon pèsònèl (personal protective equipment, PPE) pi estrik (pa egzanp respiratè N95, ekran pou figi). ✓ Fòme anplwaye yo, jwè yo, ak pèsònèl ekip yo sou fason pou mete, retire, netwaye (jan sa aplikab) ak jete PPE yo. ✓ Konseye anplwaye yo, jwè yo, ak pèsònèl ekip yo pou pote kouvèti pou figi nan espas komen yo gen ladan asansè yo, lòbi yo, ak lòt yo ap vwayaje nan etablisman an. ✓ Jwè/moun ki responsab chanm estokaj ki gen bwason nan boutèy separe yo ak atik manje ki gen yon sèl itilizasyon yo dwe reyalize ijyèn men avan ak apre yo antre epi pote yon mask pandan yo nan chanm lan. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Enstale baryè fizik nan biwo resepsyon ak sekirite yo. ✓ Manm ekip endividyèl yo gendwa bay tretman medikal jan sa apwopriye, pandan yo ap asire manm pèsònèl la itilize PPE epi redwi kontak fizik nan pi gwo mezi posib.


STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York



Direktiv pou Antrènman Espòtif Pwofesyonèl pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Direktiv sa yo aplike pou ekip espò pwofesyonèl yo ak instalasyon fòmasyon yo ak lokal yo nan tout eta a. Gade "Direktiv pwovizwa COVID-19 Eta a pou Etablisman Antrènman Espòtif Pwofesyonèl yo" (Interim COVID-19 Guidance for Professional Sports Training Facilities) pou tout detay.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout etablisman antrènman espòtif pwofesyonèl yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak antrènman espòtif pwofesyonèl yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Respekte egzijans ijyèn ak asenisman yo ki sòti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) epi kenbe rejis ki gen ladan dat ak kantite netwayaj ak dezenfeksyon yo. ✓ Limite pataj objè epi dekouraje touche sifas pataje yo; oswa, lè gen kontak ak objè pataje oswa espas moun touche souvan, pote gan (sa ki apwopriye pou komès oswa medikal); si aplikab; oswa, dezenfekte oswa lave men avan ak apre kontak. ✓ Yo dwe netwaye ak dezenfekte tout veyikil yo (pa egzanp vwati gòlf yo, veyikil gadyen teren yo) avan ak apre yon lòt moun itilize yo. ✓ Entèdi pataj atik pèsònèl yo ant jwè ak antrenè yo (pa egzanp, sèvyèt yo, rad yo). ✓ Bay ak kenbe pòs ijyèn men yo, gen ladan savon, dlo, ak sèvyèt papye pou lavaj men, ansanm ak dezenfektan pou men ki abaz alkòl ki gen 60% oswa plis alkòl pou espas kote lave men pa posib. ✓ Bay epi ankouraje anplwaye yo, jwè yo, ak pèsònèl ekip la itilize founiti netwayaj/dezenfeksyon yo avan ak apre itilizasyon sifas pataje/touche souvan yo, apre sa yo dwe lave men. ✓ Reyalize netwayaj ak dezenfeksyon omwen apre chak peryòd travay, chak jou, oswa pi souvan jan sa nesèsè, ak pou zòn ki anba gwo risk ke anpil moun itilize yo, sifas yo touche souvan yo, ak potansyèlman atik absòban yo (pa egzanp bandaj pou egzèsis ki fèt an twal yo, kòd yo). ✓ Yo ta dwe netwaye ak dezenfekte etablisman antrènman yo, sifas pataje yo, ansanm ak ekipman yo nan itilize pwodwi Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) yo ke Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Agency, EPA) la idantifye kòm efikas kont COVID-19. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Ogmante vantilasyon an ak lè eksteryè nan pi wo nivo posib (pa egzanp ouvri fenèt, kite pòt ouvri), pandan yo ap kenbe pwotokòl sekirite yo. ✓ Adapte eleman etablisman antrènman yo pou redwi kantite kontak ki nesèsè yo dekwa pou yo ka itilize yo (pa egzanp twou gòlf yo ke yo ranpli pou rekiperasyon fasil boul yo).


STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York



Direktiv pou Antrènman Espòtif Pwofesyonèl pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Direktiv sa yo aplike pou ekip espò pwofesyonèl yo ak instalasyon fòmasyon yo ak lokal yo nan tout eta a. Gade "Direktiv pwovizwa COVID-19 Eta a pou Etablisman Antrènman Espòtif Pwofesyonèl yo" (Interim COVID-19 Guidance for Professional Sports Training Facilities) pou tout detay.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout etablisman antrènman espòtif pwofesyonèl yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak antrènman espòtif pwofesyonèl yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
Kominikasyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Afime ke ou te revize ak konprann konsèy eta a te pibliye sou endistri a, epi ou ap aplike yo. ✓ Afiche pano yo nan tout etablisman yo, an akò ak siyalizasyon pou COVID-19 DOH yo ki raple moun yo pou kouvri nen ak bouch yo, swiv enstriksyon ijyèn men yo, rapòte sentòm COVID-19 yo, ak respekte règleman distans fizik yo. ✓ Notifye depatman sante eta ak lokal la imedyatman osito yo enfòm yo sou nenpòt rezilta tès COVID-19 pozitif pou yon anplwaye, jwè, oswa pèsònèl ekip la nan etablisman yo a. ✓ Sizoka yon anplwaye, yon jwè, yon pèsònèl ekip la, devlope sentòm yo pandan li nan espas travay la, alète tout antite yo ki okipe espas nan batiman an imedyatman sou enfòmasyon konsènan kote moun lan te ye nan tout etablisman an epi alète yo si anplwaye, jwè, oswa pèsònèl ekip ki gen sentòm lan teste pozitif. ✓ Anplwaye yo avèti yo te an kontak sere oswa pwòch avèk yon moun ki gen COVID-19, epi yo avèti yo nan retrase yo, swiv yo oswa lòt mwayen, oblije rapòte tèt yo bay anplwayè yo kou yo fin avèti yo. ✓ Afiche byen klè plan sekirite nan espas la. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Etabli yon plan kominikasyon pou anplwaye, jwè yo, ak pèsònèl ekip yo an akò avèk mwayen pou bay enfòmasyon ajou yo. ✓ Kowòdone avèk administrasyon ekip la pou resevwa yon lis vizitè esansyèl yo prevwa ki ap antre nan batiman an.
Depistaj	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Egzekite evalyasyon depistaj sante obligatwa (eg. kesyonè, kontwòl tanperati) pou anplwaye yo nan poze kesyon sou (1) sentòm COVID-19 la nan 14 jou pase yo, (2) tès COVID-19 pozitif nan 14 jou pase yo, ak/oswa (3) kontak sere oswa pwòch ak yon ka COVID-19 konfime oswa sispèk nan 14 jou pase yo. Repons yo dwe revize ak dokimante chak jou. ✓ Moun ki ap fè depistaj yo ta dwe resevwa fòmasyon nan men moun ki fanmiye ak pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo ke anplwayè a idantifye epi itilize PPE, gen ladan ominimòm, kouvèti pou figi yo. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Konsilte "Enstriksyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive yo Retounen Travay Apre Enfeksyon oswa Ekspozisyon COVID-19" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH la konsènan pwotokòl ak politik pou anplwaye yo ki ap chèche retounen travay apre ka COVID-19 yo sispèk oswa yo konfime oswa apre anplwaye a te genyen kontak sere oswa pwòch avèk yon moun ki gen COVID-19. ✓ Egzije anplwaye yo, jwè yo, pèsònèl ekip la devwale imedyatman si epi lè respons yo te bay pou nenpòt nan kesyon ki mansyone anwo a chanje, tankou si yo kòmanse vin genyen sentòm, pandan oswa andeyò lè travay yo.

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York



Direktiv pou Antrènman Espòtif Pwofesyonèl pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Direktiv sa yo aplike pou ekip espò pwofesyonèl yo ak instalasyon fòmasyon yo ak lokal yo nan tout eta a. Gade "Direktiv pwovizwa COVID-19 Eta a pou Etablisman Antrènman Espòtif Pwofesyonèl yo" (Interim COVID-19 Guidance for Professional Sports Training Facilities) pou tout detay.

Pandan ijans sante bibli COVID-19 la, tout etablisman antrènman espòtif pwofesyonèl yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak antrènman espòtif pwofesyonèl yo epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
Depistaj	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Fè yon plan pou netwayaj, dezenfeksyon, ak rechèch kontak nan moman yon ka pozitif. ✓ Idantifye yon kontak antanke pati pou anplwaye yo, jwè yo, ak pèsònèl ekip yo pou ka enfòmè yo si pita yo vin gen sentòm ki gen rapò ak COVID-19 la, jan sa note nan kesyonè a. ✓ Dezinye yon kontwolè pou sekirite espas la ki responsab pou tout aspè plan sekirite lokal la. Kontwolè espas la responsab pou li resevwa ak ateste ke li te revize tout kesyonè depistaj yo. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Reyalize depistaj adistans (pa egzanp pa ankèt nan telefòn oswa elektwonik), avan anplwaye yo, jwè yo, ak pèsònèl ekip yo rive, nan mezi sa posib. ✓ Kenbe yon rejis tout tan, nan mezi sa posib, pou chak anplwaye, jwè, ak manm pèsònèl, ki gendwa genyen kontak sere oswa pwòch ak lòt moun nan espas oswa zòn travay la; san livrezon ki fèt ak PPE apwopriye oswa pa mwayen san kontak yo pa ladan.

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.